

## Demann pou Ranplase Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP) ak/oswa Lajan Kach Asistans Tanporè (TA) yo te Vòlè

Fòm sa a dwe itilize pou mande ranplase benefis SNAP ak/oswa lajan kach TA yo te vòlè pa mwayen elektwonik tankou ekremaj kat, klonaj kat, fo deklarasyon lòt moun oswa lòt metòd fwod ki menm jan tankou eskwokri.

### Seksyon A: Enfòmasyon sou Fwaye ou

Non ki sou Dosye a		Konte
Nimewo Dosye oswa Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN)	5 dènye Chif Kat EBT a	Dat Nesans
Adrès (ki enkli nimewo kay ak apatman an)	Vil, Eta, Kòd Postal	Nimewo Telefòn

### Seksyon B: Enfòmasyon sou Vòlè Benefis la

Mwen menm, \_\_\_\_\_, se chèf fanmi an oswa yon manm adilt nan fanmi an pou dosye ki site anwo a epi mwen swete rapòte sa ki annapre a bay reprezantan ajans lan:

Dat mwen te dekouvri ke yo te vòlè benefis mwen yo: \_\_\_\_\_ (dat sa a dwe nan 30 jou ki sot pase yo oswa yo ka refize aplikasyon w lan si w pa soumèt li alè.)

Montan benefis SNAP total yo te vòlè: \$\_\_\_\_\_

Montan benefis lajan kach TA total yo te vòlè: \$\_\_\_\_\_

Mwen te genyen kat EBT mwen an nan moman yo te vòlè benefis mwen yo:  Wi  Non

Mwen te rapòte kat EBT mwen an te pèdi oswa yo te vòlè l:  Wi  Non

#### Tanpri site tranzaksyon ke ou pa t fè yo (tanpri anekse fich siplemanchè si sa nesèsè):

Dat tranzaksyon an	Kalite Pwogram (SNAP oswa lajan kach TA)	Montan tranzaksyon an	Non ak plas (adrès) biznis tranzaksyon an

#### Tanpri bay tout enfòmasyon siplemanchè sou vòlè la ke ou santi ki enpòtan pou nou konnen:

## Seksyon C: Sètifikasyon

Mwen konprann epi mwen dakò ak sa ki annapre yo:

- Mwen dwe ranpli, siyen, epi soumèt fòm sa pou mande pou yo ranplase benefis yo te vòlè yo.
- Mwen deklare ke enfòmasyon mwen te bay nan demann sa yo vrè epi egzak sou pèn sanksyon pou fo temwanyaj.
- Lè mwen soumèt demann sa, sa pa garanti ke y ap ranplase benefis mwen yo.
- Si mwen poko ranplase kat EBT ki te konpwomèt mwen an, y ap dezaktive l epi ranplase l nan non mwen.
- Si mwen te bay enfòmasyon ki pa kòrèk volontèman sou sitiyasyon ki site anwo a, yo ka chaje mwen pou yon vyolasyon pwogram volontèman (intentional program violation, IPV) epi yo ka chaje m pou sanksyon sivil ak penal ki enkli, men ki pa limite a, sanksyon pou fo deklarasyon oswa dèske ou depoze yon fo enstriman. M ap dwe ranbouse tout benefis mwen pa t kalifye pou yo tou.
- Mwen gen yon dwa pou yon odyans ki ekitab pou konteste refi oswa reta pou ranbousman an soti pou fanmi mwen an. Yo p ap voye ranbousman yo anvan desizyon odyans ekitab la.

Siyati \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Nòt:** Ou dwe soumèt fòm sa ki ranpli epi siyen an bay distri lokal ou an. Ou ka soumèt fòm sa sou plas, pa lapòs, oswa sou NYDocSubmit.

## Section D: District Determination

### District Use Only

Replacement Approved?  Yes  No

Replacement Amount(s): SNAP - \$ \_\_\_\_\_ TA Cash - \$ \_\_\_\_\_

Comments:

Worker Signature: \_\_\_\_\_

Date: \_\_\_\_\_

Supervisor Signature: \_\_\_\_\_

Date: \_\_\_\_\_



## **Enstriksyon pou Konplete *Demann pou Ranplase Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP) ak/oswa Lajan Kach Asistans Tanporè (TA) yo te Vòlè***

Si w avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav epi w bezwen fòmilè sa a ak/oswa aplikasyon *Demann pou Ranplasman Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ak/oswa Lajan Kach Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA) yo te Vòlè* nan yon lòt fòma, ou ka mande yo nan men Distri Sèvis Sosyal (distri) lokal ou. Fòma altènatif nou pral di la yo disponib:

- Enprime an fèy laj;
- Fòma done (yon dokiman elektwonik ki aksesib a ekran lektè yo);
- Fòma odyo (yon transkripsyon odyo pou enstriksyon oswa kesyon sou aplikasyon/resètifikasyon yo);
- Fòma pou Moun Avèg, si ou panse ke okenn nan lòt fòma altènatif yo pa pral efektif egalman pou ou.

Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, tanpri kontakte distrik sèvis sosyal ou an.

### **Jeneral**

Fanmi yo ki sibi vòl benefis ki gen rapò ak anak dwe ranpli aplikasyon pou *Demann pou Ranplase Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP) ak/oswa Lajan Kach Asistans Tanporè (TA) yo te Vòlè*. Kalite vòl sa a rive lè yo vòlè benefis lajan kach SNAP ak/oswa TA atravè mwayen elektwonik tankou ekremaj kat EBT, klonaj, defòmasyon twazyèm pati, oswa lòt metòd fwod ki sanble tankou phishing (eskwokri).

Ou dwe ranpli chak seksyon trè konplè ak presi nan mezi posib, epi siyen ak mete dat sou aplikasyon sa a anvan ou soumèt li. Pou yo detèmine w elijib pou ranplasman benefis yo, ou dwe soumèt aplikasyon sa a **nan trant (30) jou** apati dat ou te dekouvri yo te vòlè benefis ou yo. Apre 30 jou, ou p ap elijib pou ranplasman benefis yo.

### **Seksyon A: Enfòmasyon sou Fwaye ou**

Seksyon sa a kolekte enfòmasyon demografik debaz sou sikonstans fwaye w.

### **Seksyon B: Enfòmasyon sou Vòl Benefis la**

Seksyon sa a kolekte enfòmasyon espesifik sou vòl benefis SNAP ak/oswa lajan kach TA ak enfòmasyon sou kat EBT ou te genyen lè yo te vòlè benefis ou yo.

Tanpri sonje, si w pa rapòte kat EBT w la pèdi oswa yo vòlè w epi ou poko mande yon nouvo kat EBT depi yo te vòlè benefis ou, kont SNAP oswa TA ou gendwa toujou an danje. Yo pa ka bay okenn benefis ranplasman jiskaske ou rapòte kat EBT ki konpwomèt ou pèdi oswa yo vòlè li. Pou rapòte kat ou yo vòlè a, mande yon nouvo kat epi chanje PIN ou, rele Sèvis Kliyan EBT nan 888-328-6399, oswa ale nan <https://ebtEDGE.com>.

Si kat ou ki te konpwomèt la pa te dezaktive anvan aplikasyon an, l ap dezaktive pou ou epi y ap voye yon kat ranplasman ba w pandan pwosesis revizyon aplikasyon w lan. Sa ka lakòz reta pou w resevwa yon benefis ranplasman si w elijib.

## Tranzaksyon

Mete chak tranzaksyon lajan kach SNAP oswa TA ou pa t fè sou yon liy separe, menm pou acha ki fèt nan menm dat la oswa nan menm machann lan. Si w bezwen plis liy, tanpri ajoute fèy adisyonèl jan sa nesèsè. Ou ka jwenn epi wè enfòmasyon sa yo lè w tcheke istorik EBT ou nan <https://www.ebtEDGE.com/> oswa lè w telechaje aplikasyon mobil ebtEDGE (ki disponib pou telechaje nan Apple App Store ak Google Play Store). Kòm altènativ, ou ka jwenn enfòmasyon sa yo tou lè w rele Liy Èd Sèvis Kliyan EBT gratis la nan 1-888-328-6399. Ou ka itilize liy asistans lan pou:

- Koute dis dènye tranzaksyon ou yo nan meni otomatik la.
- Mande yon deklarasyon enprime 2 mwa sou istwòrik kont ou nan meni otomatik la oswa nan men yon reprezantan sèvis kliyan.
- Revize tranzaksyon ou yo avèk yon reprezantan sèvis kliyan.

## Enfòmasyon Adisyonèl

Tanpri bay tout enfòmasyon siplemantè sou vòl la ke ou santi ki enpòtan pou distri w la konnen: Pou egzanp, si ou kwè ou konnen ki jan kont ou te konpwomèt, tanpri eksplike sa isit la.

## Seksyon C: Sètifikasyon

Tanpri li seksyon sètifikasyon an ak anpil atansyon. Si w dakò ak kondisyon sètifikasyon an, tanpri siyen epi mete dat sou aplikasyon an. Siyati w ak dat la obligatwa pou trete demann lan.

## Seksyon D: Detèminasyon Distri

Rès aplikasyon an se pou distri a itilize. **Pa** ekri nan seksyon pou distri a itilize sèlman. Si gen plis espas ki nesèsè pou nenpòt nan seksyon aplikasyon yo, tanpri ajoute yon moso papye apa avèk lòt detay yo.

## Elijiblite ak Kalkil pou Ranplasman Benefis

Ou pa bezwen gen yon ka SNAP oswa TA aktif pou w ka kalifye pou resevwa ranplasman benefis si yo detèmine ke benefis ou yo te vòlè pa mwayen elektwonik tankou ekremasyon kat EBT, klonaj, fo deklarasyon yon twazyèm pati, oswa lòt metòd fwod similè tankou eskwokri (phishing). Disponibilite yon ranplasman benefis depann de kalite benefis yo te vòlè a.

## TA

Emisyon ranplasman benefis lajan kach TA yo limite a sèlman fanmi sa yo ki te gen yon vòl benefis lajan kach TA ki gen rapò ak anak **nan 1 janvyè 2022 oswa apre**. Fanmi yo pa ka resevwa plis pase de (2) ranplasman benefis lajan kach TA pou peryòd ki soti 1 janvyè 2022 jiska 30 septanm 2022. Apre sa, fanmi yo pa ka resevwa plis pase de (2) ranplasman benefis lajan kach TA nan yon sèl ane fiskal federal (1 oktòb 2022 jiska 30 septanm 2023, ak 1 oktòb 2023 jiska 30 septanm 2024). Apre 30 septanm 2024, fanmi yo pral sèlman elijib pou resevwa yon (1) ranplasman benefis lajan kach TA nan yon sèl ane fiskal federal.

## SNAP

Emisyon benefis ranplasman SNAP yo limite a sèlman fanmi sa yo ki te gen yon vòl benefis lajan kach SNAP ki gen rapò ak anak **nan 1 oktòb 2022 oswa apre jiska 30 septanm 2024**. Fanmi yo pa ka resevwa plis pase de (2) ranplasman benefis SNAP nan yon sèl ane fiskal federal (1 oktòb 2022 jiska 30 septanm 2023, ak 1 oktòb 2023 jiska 30 septanm 2024).

## LDSS-5215-HA (Rev. 5/24)

Pou tou de kalite benefis yo, benefis ranplasman ou elijib pou resevwa a se swa kantite lajan kach SNAP oswa TA yo te vòlè, oswa yon montan ki egal a de (2) fwa benefis lajan kach SNAP oswa TA ou te resevwa nan dènye mwa a kote ou te resevwa lajan kach SNAP oswa TA anvan yo te vòlè benefis ou yo, **kèlkeswa sa ki pi piti a.**

### Enstriksyon pou Soumèt

Pou fanmi ki abite andeyò Vil New York, yo ka soumèt aplikasyon sa a bay distri lokal yo a an pèsòn, pa lapòs, oswa nan fè telechajman mobil la atravè NYDocSubmit.

- **Lapòs/An pèsòn:** Pou jwenn adrès distri lokal ou a ak enfòmasyon kontak yo, ou ka vizite sit entènèt nou an: <https://otda.ny.gov/workingfamilies/dss.asp> oswa rele liy dirèk gratis OTDA a: 1-800-342-3009.
- **Telechajman mobil:** ou ka itilize aplikasyon mobil NYDocSubmit pou telechaje aplikasyon an nan distri w la lè w pran yon foto aplikasyon an epi voye imaj yo atravè aparèy mobil ou. Pou jwenn plis enfòmasyon detaye, vizite sitwèb nou an: <https://otda.ny.gov/programs/nydocsubmit/>.

Pou fanmi k ap viv nan Vil New York;

- **Aplike sou entènèt:** Konekte sou kont ACCESS HRA ou a oswa vizite <https://www.nyc.gov/site/hra/help/benefitreplacement.page>
  - **Aplike sou entènèt se fason ki pi rapid ak pi fasil pou w aplike!**
- **Pa Lapòs:** Ou ka voye pa lapòs yon aplikasyon sou papyè ranpli bay:
  - PO Box 29006 Brooklyn, NY 11202.
- **An pèsòn:** Ou ka vizite nenpòt Benefits Access oswa Sant SNAP. Ou ka jwenn yon Sant sou NYC.gov (<https://www.nyc.gov/site/hra/locations/locations.page>)